QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«07» Декабрь 2021-у. №02-01/9-5532 «_____»-___________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы
Финанс Министрлигине**

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2021-жыл 4-июньдағы **"Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң жумысын және де жетилистириў илажлары хаққында"**ғы 361-санлы Қарары менен Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық оқыў-методикалық орайы Қарақалпақстан Республикасы Билимлендириў орайына айландырылып, оның структурасы тастыйықланып берилген еди.

Орай тәрепинен тәлим қарақалпақ тилинде алып барылатуғын республикамыздағы 51 пайыз улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары ушын "Әлипбе", "Оқыў китабы", "Ана (қарақалпақ) тили ҳәм әдебияты", "Қарақалпақ тили (мәмлекетлик тил)", "Қарақалпақстан тарийхы", "Қарақалпақстан географиясы", "Әдепнама" ҳәм "Қосық" пәнлеринен мәмлекетлик билимлендириў стандартлары, оқыў дәстүрлери орай жанындағы илимий кеңесте талқыланып, усы кеңес шешими менен Өзбекстан Республикасы Билимлендириў орайы муўапықластырыўшы топарына усыныс етилип, сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларды таярлаў ҳәмде басып шығарыў жумысларын әмелге асырмақта. Өзбек тилинде басып шығарылған сабақлықлардың баспа тәрепинен таярланған аўдармаларының мәмлекетлик билимлендириў стандартларына сәйкеслигин ҳәм граматикалық қәтеликлерин дүзетиў барысында пән бағдарлары бойынша дүзилген эксперт ағзалары тәрепинен үйренилип шығылады ҳәмде баспаға басып шығарыў ушын усынислар берилмекте.

Орай хызметкерлери тәрепинен Республикамызда оқыўшыларға билим бериў сыпатын асырыў мақсетинде белгиленген ис-режелер тийкарында "Пән айлықлары", әмелий оқыў семинарлары, тренинглер, Қарақалпақстан телерадиокомпаниясы менен биргеликте қарақалпақ тилинде **"Онлайн сабақлар"** алып барылмақта. **"Methodik tour"** бағдарламасы тийкарында мәнзилли методикалық жәрдем көрсетиў жумыслары жолға қойылып, улыўма орта билим бериў мектеплери педагогикалық жәмәәтине басқышпа-басқыш методикалық жәрдем берилмекте.

Қарақалпақстан Республикасы аймағында қарақалпақ тилине Мәмлекетлик тил статусы берилгенлигин, бүгинги күнде тек ғана усы Орай тәрепинен билим бериў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары ушын сабақлықлардың жаратылып атырғанлығы, мәмлекетлик билимлендириў стандартлары, оқыў бағдарламалары таярланатуғынлығын, мектеп оқытыўшылары ушын методикалық қолланба, сабақ исленбелерин қарақалпақ тилинде жеткерип бериў ўазыйпалары қойылғанлығын есапқа ала отырып Сизден, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық билимлендириў орайы хызметкерлерин **"8-декабрь Өзбекстан Республикасы Конституциясы қабыл етилген күни"** мүнәсибети менен бир айлық ис ҳақылары муғдарында хошаметлеў ушын қәрежет ажыратыўда әмелий жәрдем бериўиңизди соранамыз.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри**
**биринши орынбасары ў.ў.а** **Қ.Бекбаулиев**

орынлаўшы: Қ.Жубанов
тел: (61) 222-11-80